


Soti nan Ide Rive nan Ideyoloji



Leson Kle ki soti nan pwogramasyon W.K. Kellogg Foundation
nan Amerik Latin ak nan Karayib la ~ 1986-2010




W.K.
KELLOGG
FOUNDATION®

Soti nan Ide Rive nan Ideyoloji

Leson Kle ki soti nan pwogramasyon W.K. Kellogg Foundation
nan Amerik Latin ak nan Karayib la ~ 1986-2010

Entwodiksyon	1
Yon "Ideyoloji" Ki Te Rive Lè Pou L Rive a	3
Ekipe Bon Lidè yo pou Bon Pakou a	5
Konstwi Enstitisyon ki Konsantre sou Kominote	10
N ap Kenbe Jèn yo nan Sant Devlopman an	15
Konstwi Òganizasyon ki Konstwi Kominote	19
N ap Gade Pi Devan: Tranzisyon ak Nouvo Vi Apre Kriz	23





Entwodiksyon

Fondatè nou an, Will Keith Kellogg, te yon lidè ki te konprann pouvwa estrateji ak fason li ta ka transfòme yon bèle ide pou fè l tounen yon aksyon konkrè. Li kanalize pouvwa sa a pou l kreye yon konpayi ki te mete sereyal tou prepare pou ti dejene aladispozisyon yon monn ki te grangou. Ofiramezi biznis li a t ap grandi, Mesye Kellogg te fè don jenere parapò ak bezwen moun ki te nan antouraj li yo te genyen. Men, rive nan lane 1930, li reyalize ke objektif estratejik la pou yon fondasyon prive t ap akonpli piplis pou timoun, fanmi yo ak kominote kote yo t ap viv ak kote yo t ap travay la.

Lè li te etabli W.K. Kellogg Foundation (WKKF) la, fondatè nou an t ap chèche yon fason pou konvèti ide yo an aksyon konkrè ki t ap amelyore lavi timoun yo. Travay W.K. Kellogg Foundation lan te kòmanse nan kominote riral yo ki te ozalantou vil natal li a nan Battle Creek, Michigan. Men lè Mesye Kellogg te vwayaje ann Amerik Latin nan ane 1930 yo, li te rekonèt sa filantwopi li a ka reyalize pou timoun ki abite nan reydon an.

Eritaj nou an nan Amerik Latin ak nan Karayib la te jwenn rasin li depi nan toupremye vizit ki te konn fèt yo e depi lè sa a, li vin devlope an yon angajman alontèm e dirab anvè moun nan reydon an.

Yo te rakonte istwa sa a pou premye fwa nan liv "For the People of Latin America (Pou Pèp Amerik Latin nan)", yon liv ki bay detay sou travay fondasyon an nan reydon an soti lane 1942 rive lane 1986, e ke Jan Corey Arnett, te ekri. Yon nouvo liv rakonte istwa sou travay nou apati lane 1986 rive 2010. Yon nouvo liv – "Learnings and Legacies from the Field (Sa Nou Aprann ak Eritaj nou Kite sou Teren an)", ke Francisco Tancredi ak Frances Hansford te ekri, avèk asistans Rui Mesquita Cordeiro, direktè pwogram Amerik Latin ak Karayib yo – se baz la pou lesson ki nan rezime sa a.



Liv ki pi resan an ak piblikasyon rezime sa a kouvri yon peryòd kote fondasyon an te fè gwo chanjman nan estrateji pou fè fas ak kwasans demokrasi ak sisyete civil nan reyon an, e pou fè fas tou ak fòs globalizasyon yo ak aparisyon teknoloji dijital la. Aprantisaj la ak adaptasyon estratejik nan epòk sa a te reflete direksyon tout pwogramasyon nou yo etan nou t ap soti nan finanse prensipalman gwo enstitisyon yo pou n te rantré nan fòme patenarya ak òganizasyon ki te gen kapasite pou aksyon lokal.

Nan kad estrateji sa a, inivèsite ak lopital yo te chanje oryantasyon yo pou konsantre sou kominote yo te fèt pou yo desèvi yo. Nan apwòch sa a, kominote a, men pa salklas la, te tounen yon kote pou aprantisaj rich. Grasa èd ki soti nan òganizasyon non-gouvènmantal de konfyans yo, pwofesè, doktè, enfimyè ak elèv yo te angaje moun lokal yo, pa antanke patisipan nan rechèch ni pa antanke pasyan, men pito antanke patnè ki gen konesans ak lasajès pou yo pataje.

Oryantasyon estratejik sa a te vin mete yon vizaj imen sou defi yo, yon bagay yo pat janm wè oparavan. Avèk devlopman lajenès la e avèk opòtinite ki te pwen fokal pou adrese pwoblèm ki te la lontan yo, ide yo vin deklanche aksyon yon fason ki te annamoni avèk fondatè nou an. Pandan toupremye jou fondasyon an, li te mande pou gen yon angajman parapò ak patisipasyon kominote a:

"...se sèlman atravè planifikasyon an konbit, etid entelijan ak aksyon angwoup – aktivite tout kominote annantye a fè – ke nou ka atenn rezilta dirab."

Pandan n ap avanse vè ane 2030 e ke n ap pwoche 100yèm anivèsè òganizasyon nou an, n ap pote eritaj Mesye Kellogg la nan non timoun yo nan tout aspè travay entènasyonal nou yo. Leson ki nan paj annapre yo kontinye ap sèvi kòm gid pou nou e yo kontinye ap fòme nou.

~La June Montgomery Tabron

Prezidan ak Direktè Jeneral (PDJ), W.K. Kellogg Foundation





Yon "Ideyoloji" Ki Te Rive Lè Pou L Rive a

Pou yon mouvman nan chanjman sosyal reyisi, li fèt pou l gen rasin li nan pouvwa yon ide klè e ki merite chanje. Se pou ide a se yon ide vizyonè ase pou l anflame imajinasyon an, men tou fòk li pratik ase pou l ka sèvi antanke yon plan gid pou aksyon. Li fèt pou l kout ase pou l prezante yon rezime sepandan li dwe gen potansyèl "ekspansyon" pou l atenn dè milyon – menm jan an yon ti semans tou piti gen kòd jenetik pou l tounen yon kokennchenn bwaddchèn.

Se te yon ide fètil menm jan ak ide sa a ki te pouse estrateji Kellogg Foundation lan e ki te lanse pwogrè pandan 1986-2008. Mo panyòl la pou sa se te 'ideario', ke yo te defini antanke "ansanm ide ki sipòte yon apwòch byen espesifik." Se inisyativ Community Partnerships for Health Professions Education [Patenarya Kominotè pou Edikasyon Pwofesyon nan Domèn Lasante] (ke nan Amerik Latin yo rele pa akwonim li "UNI") ki te itilize ekspresyon sa a pou premye fwa, pou dekri pwogram ansèyman inifye yo a, sèvis sante ak sensibilizasyon kominotè nan 23 pwojè atravè Amerik Latin. Apre yon tan, "ideario" a te vin sèvi kòm gid non sèlman pou efò nan domèn lasante yo, men tou pou efò WKKF nan agrikilti ak devlopman riral, lajenès, edikasyon ak filantwopi.

Ideario a esansyèlman dekri yon nouvo filozofi pou kijan enstitisyon yo nan Amerik Latin nan ak Karayib la ta apwoche kominate yo. Olye pou yo asosye ak kominate yo nan yon fason yerachik, ki soti depi anlè rive anba, lopital yo, inivèsite yo ak sant rechèch yo angaje yo nan kolaborasyon "ki soti depi anba rive anwo". Alaplas aprantisaj nan salklas ki te konsantre anpil sou teyori, elèv yo aprann atravè eksperyans pratik nan anviwònman ki pi rijid nan ti fèm ak klinik chaje yo. Epitou, etan y ap dispanse dyagnostik ak aplike ekspètiz ki gen rapò ak tèks, doktè ak manm fakilte yo koute – epi aprann apatide – eksperyans moun lokal yo fè nan redi di.

***Mo panyòl la pou
sa se te 'ideario', ke
yo te defini antanke
"ansanm ide ki
sipòte yon apwòch
byen espesifik."***



Byenke li te adapte ak epòk yo e ak kilti nan Amerik Latin nan, ideario a te byen amonize avèk filozofi pratik W.K. Kellogg la ak fondasyon l lan. Mesye Kellogg, menm jan ak kontanporen l yo, Henry Ford ak Thomas Edison, te yon brikolè envetere. Li te yon moun ki te adopte teknoloji bonè, e li te toujou fasinen parapò ak dènye devlopman syantifik yo nan nitrisyon, konstriksyon mekanik ak swen sante. Malgresa, nan kenbe nati pragmatik li a, li te kenbe fèm ke WKKF pa dwe finanse rechèch syantifik pou pwòp objektif li yo. Li pat sifizan pou pibliye dekouvèt rechèch nan yon jounal akademik. Se te "*applikasyon konesans pou adrese pwoblèm moun yo*" ki te gen plis enpòtans — yon prensip ki te rezone ak pwogram Amerik Latin ak Karayib yo nan ane 1986-2008 yo e ki kontinye jouk jounen jodiya.



Gwo chanjman ki te manifeste nan Amerik Latin nan pandan ane 1980 yo ak 1990 yo te fè ideario a pètinan patikilyèman. Diktati militè yo te tonbe epi demokrasi t ap pran esò nan tout rejyon an. Globalizasyon ak mache ouvè yo te chanje aspè komès la e te pote nouveau possiblité ak peril pou pòv yo. Yon esò nan sisyete sivil la te pouse kwasans sektè ki pa travay pou pwofit a oswa twazyèm sektè a, etan òganizasyon non-gouvènmantal yo (ONG yo) t ap miltipliye. Pandan tan sa a, sektè prive a te montre yon nouveau enterè nan fè don ak nan responsabilite sosyal enstitisyonèl. Lèfini gouvènman leta yo, nan libere yo de rejim pase ki te santralize yo, te dispoze adopte metòd modèl pou edikasyon, sèvis sante ak sèvis sosyal ke ONG yo te teste kòm pilòt. Nan konvèjans fòs sa yo, ideario a te kanpe la: yon reprezantasyon lespwa ak mobilite sosyal pou dè milyon moun nan Amerik Latin nan ke pòvrete ak rasism pandan dè jenerasyon te bloke potansyèl yo.

Atravè de sik pwogramasyon, 1986-1999 ak 2000-2008, WKKF te chèche kapitalize sou gwo chanjman sa yo nan sisyete Amerik Latin nan. Plizyè apwòch ki te reysi e ke WKKF te finanse pandan ane sa yo te konvèti an politik ak pwogram ki aktif jouk kounye a. Plizyè pwofesyonèl ki te fè pati estaf la e ki te dirije efò sa yo te vin gen gwo pozisyon kote yo jwe wòl enpòtan nan gouvènman, nan edikasyon siperyè ak nan devlopman entènasyonal.

Rezime sa a egzamine tèm kle ki te emèje nan "Sa nou Aprann ak Eritaj nou Kite sou Teren an", yon apèsi sou pèsepsyon moun ak pwojè ki dekri an detay nan istwa konplè a. Egzanp sa yo, pozitif ak negatif, temwaye sou sa yon apwòch estratejik ka akonpli.



Ekipe Bon Lidè yo pou Bon Pakou a

Devlope dè lidè ki solid se yon bagay ki te toujou fè patide "ADN òganizasyonèl" fondasyon an, jan pasaj sa a ki soti nan "The First Eleven Years (Onz Premye Ane yo)", istwa Kellogg Foundation toutodebi, enonse klèman:

"Kèlkeswa asistans fondasyon an ka ofri se pa pou yo konsidere l kòm yon plan yo konsevwa alavans, men se pou l pote nan kominote yo atravè pwòp lidèchip yo pi bon panse aktyèl yo, defason pou tout sa ki konsène yo ka jwenn dirèkteman pwòp solisyon yo."

Nan lane 1941, lè yo te ekri "The First Eleven Years (Onz Premye Ane yo)", gid sa a te konsène pakèt konte nan sant sid Michigan kote WKKF the kòmanse premye pwogram li yo. Men avèk deklanchman 2yèm Gè Mondyal la, fondasyon an te kòmanse pwojte prensip lidèchip li yo sou yon echèl mondal, kòmanse avèk bousdetid pou pwofesyonèl lasante ki soti Amerik Latin. Bousdetid yo te pèmèt doktè, dantis ak enfimyè yo travay pou jwenn degré avanse nan peyi Etazini, kalifikasyon ki natirèlman te ba yo kredibilite pou lidèchip lè yo te retounen lakay yo. Pou sipòte yo nan wòl pwofesè-antanke-lidè sa a, WKKF te achte nouvo liv medikal ak jounal pou enstitisyon lokal yo, epi avèk ansanm ekipman chirijikal modèn pou sal operasyon yo.

Atoutsa, avèk filozofi ideario a, pou te ka yon lidè ki gen siksè sa te nesesite plis pase ekspètiz pwofesyonèl. Lidè yo te bezwen tou pou yo gen kè yon refòmis sosyal, avèk ase rezistans ak pèspikasite politik pou travay pou chanjman anndan enstitisyon yo



ki te ankre nan sitiyasyon egzistan an. Pou lidè kominotè yo, yomenm, yo te bezwen restore mank konfyans ki te genyen ant moun lokal yo ak enstitisyon sosyal yo ke plizyè moun te konsidere te konvansyonèl ak tiranik.

Sèten tèm te manifeste nan wòl lidèchip la jwe nan pwogram sibvansyònman fondasyon an nan reyon LAC a, soti nan lane 1986 rive nan lane 2008, an patikilye valè vizyon opòtinis la; sajès kontekstyèl; epi nan ede adilt yo konsidere jèn yo kòm lidè.

Vizyon Opòtinis

Nan lane 1985, de (2) jèn asistan pwofesè nan Depatman Medsin Entèn nan State University of Rio de Janeiro (UERJ) te retounen soti nan rezidans medikal nan peyi Etazini. Yo te etidyé yon branch nan lamedsin ki pat egziste nan peyi Brezil epòk sa a: sante adolesan. Menm jan ak W.K. Kellogg, ki te kwè ke konesans pat itil toutotan ke yo pat aplike l defason pratik, de (2) pwofesè yo apwoche WKKF avèk yon pwopozisyon. Èske fondasyon an ta ka ede etabli yon seksyon modès pou adolesan nan lopital inivèsite yo a?

Repons lan se te "Wi", men te gen yon kondisyon. Byenke yon nouvo seksyon nan lopital la t ap benefik pou kèk moun, sepandan fondasyon an te ka wè te gen plis pase sa ki te anje. Kòm Brezil potko pre pare pou l devlope yon apwòch modèn nan domèn sante adolesan, swen adolesan te limite a prevansyon ak tretman pou gwo sès adolesan ak abi sibstans. Odela de sa yo, bezwen disten nan domèn sante pou adolesan yo te yon tijan flou, etandone ni pedyat ni klinisyen yo pat adrese bezwen sa yo.

Pou devlope potansyèl yo potko eksplwate a e ki te fè patide bèl ide jèn pwofesè yo te genyen an, WKKF akòde bay inivèsite a \$100,000 dola (ekivalan \$246,000 dola an 2018, men yon piyay malgres) pou louvri toude, yon seksyon adolesan ak yon klinik pou pasyan ekstèn ki ofri swen anbilatwa. E sa a se te sèlman nan kòmansman an. Klinik la te vin pran ekspansyon pou l tounen Adolescent Health Study Center (NESA) [Sant Etid Sante pou Adolesan]. E NESA, li rezonab pou n di, revolisyonne swen adolesan nan peyi Brezil ak nan Amerik Disid la. NESA fòme dè santèn pwofesyonèl nan depatman sante minisipal ak depatman sante leta yo. Li ofri rezidans, avèk tou pwogram metriz ak doktora, pou medsen, enfimyè, travayè sosyal, sikològ ak nitrisyonis. Bon repitasyon NESA a nan fòmasyon ak rechèch ba l yon vwa privilejye nan chak deba potilik konsènan adolesan nan nivo leta ak nivo nasyonal.

Fondasyon an limenm te aprann anpil nan NESA ak nan pwojè UERJ a. Reyisit li fè WKKF investi \$4 milyon dola, apatide 1990 rive 1995, nan wit pwojè sante adolesan, nan peyi Ajantin, Bolivi, Chili ak Irigwe. Nan bay de (2) jèn lidè plis pase sa yo mande a – pou yo akonpli plis pase sa tout moun te antisipe – WKKF montre ke nan filantwopi, yon dispozisyon pou pran risk parapò ak opòtinite, agrandi vizyon lidè yo epi elaji sa ki posib la.

Sajès Kontekstyèl: Dr. Galba Araujo ak "transfè envès teknoloji"

Nan mitan lane 1970 yo, fason modèn pou diminye to elve trajik mòtalite timoun nan vilaj riral yo ki nan nòdès Brezil te sanble l te ase klè konsa. Mobilize yon ekip swen sante nan lopital inivèsite a nan Fortaleza, dispèse atravè rejyon riral yo epi pote swen matènèl nan rejyon an nan 20yèm syèk la. Nan yon zòn kote pifò nesans timoun se te fanmsaj tradisyonèl ak gerisè relije ki te okipe yo, kote pifò nan yo te annalfabèt e pat gen okenn fòmasyon fòmèl, apwòch sa a t ap sanble sajès konvansyonèl nan pwofesyon medikal la.

Men Dr. Galba Araujo te wè bagay yo yon lòt jan. Li te yon sipòtè medsin imanis, yon obstetrisyen ki dekri nesans natirèl kòm "... yon evènman ere, yon jwa pou pataje ak tout kominate antye a." Dr. Araujo te enkyete akòz "obstetrik entèvansyonis" ki te pouse 80 pouzan nan fanm Brezilyen yo pou y al chèche fè akouchman pa sezaryèn. Li te konsidere fanmsaj ak gerisè relije yo, avèk remèd fèy yo ak rityèl lapriyè yo, pa kòm obstak pou pwogrè men pito kòm alye yo te neglige pou yon sistèm sante ki gen mank resous.

Araujo te yon pwofesè nan domèn obstetrik nan Federal University of Ceara nan peyi Brezil ak dirijan yon pwojè WKKF te finanse, ki te rele PROAIS (Program of Integrated Health Activity [Pwogram Aktivite Sante Entegre]). Li te byen fòme e se yon moun ki te vwayaje anpil, ki te etidyé lamedsin nan peyi Etazini, e ki te fè yon rezidans nan lane 1943 nan American Legion Hospital nan vil natal Kellogg Foundation lan ki se Battle Creek, Michigan. Yon foto yo pran nan ane 1970 yo, nan PROAIS montre Araujo mens e ak linèt, konfòtab nan chemiz gwayabera li, pantalon len ak yon kepi sou tèt li. Li te gen twa pitit, li te renmen ale fè lapèch e li demonstre yon gwo afinite pou tradisyon popilè ak koutim pèp riral k ap travay la.

Selon Araujo, meyè fason pou kontrekare pwen feblès kiltirèl lamedsin modèn yo se atravè yon "transfè envès teknoloji." Lè l fè sa a, li demonstre yon pratik nan lidèchip ke ekip LAC a te twouve te esansyèl: kapasite pou "kontekstylize" konesans epi aplike l nan fason ki ankouraje patisipasyon, olye pou yo eskli, moun lokal yo.

Grasa yon sibvansyon \$260,000 dola fondasyon an te akòde, Araujo devlope Pwogram Swen Sante Prensipal li a. Sepandan li pat antre nan kominate yo avèk yon plan prekorsi ke li te foure nan valiz medikal li a. Premye etap li se te konsilte ak majistra yo, prêt yo, pwofesè yo ak òganizasyon lokal yo. Nan konsilte ak moun sa yo, li vin aprann wòl majè fanmsaj ak gerisè relije yo te jwe parapò ak tout sa PROAIS te espere akonpli.

Yo te rele fanmsaj yo "aparadeiras", ki se yon mo pòtigè ki vle di literalman "trape tibebe", ke yo te konn fè vre dèfwa ak pli nan jip long yo a. Ekspresyon sa a fè sans etandone pratik akouchman natirèl ki fèt nan zòn riral nan Brezil yo. Fanm yo te konn akwoupi, ajenouye oswa chita sou yon ban, yon eskabo oswa yon amak, kote tout

Lè l fè sa a, li demonstre yon pratik nan lidèchip ke ekip LAC a te twouve te esansyèl: kapasite pou "kontekstylize" konesans epi aplike l nan fason ki ankouraje patisipasyon, olye pou yo eskli, moun lokal yo.



sa yo te konn pèmèt pezantè a ede nan akouchman an. Malgre kèk doktè te twouve pratik sa a kòm yon pratik ki twò ansyen, Araujo, yon klinisyen akonpli, te wè l yon lòt jan. "Nou ankouraje pozisyon tradisyonèl sa a, paske li redrese kannal nesans lan," epitou li soulaje presyon nan vesò sangen yo, se sa li te ekri nan yon atik an 1983.

Pou amelyore swen fanmsaj yo ofri yo, Araujo ak ekip li a te montre yo siy avètisman pou gwo sès ki gen gwo risk yo. Pandan akouchman an, yo aprann kijan pou evalye manman yo pou danje tankou gwo emoraji ki mande transpò imeda nan yon lopital. Yo te menm aprann fè ti pwosedi minè, tankou reparasyon dechiri po apre akouchman. Pandanstan, gerisè relije yo te resevwa fòmasyon pou bay nouvo manman yo yon bwason reyidratasyon oral ke yo prepare yomenm (sik, sèl ak dlo) ke yo te konsidere kòm yon konpleman pou rityèl relije yo, olyede yon opsyon pou ranplase lapriyè.

Grasa san dout lidèchip kolaboratif Araujo a, rezidan lokal yo te patisce tou nan konvèti biling abandone yo an wit inite sante kominotè (CHU yo). Kote sa yo te san danje e pwòp pou akouche tibebe nan yon rejyon kote plizyè manman te gen kay yo ki gen atè a byen sal. Chapantye volontè ak bòs mason byen souvan te renove instalasyon yo — e yo te genyen tou yon chèz pou akouchman. Alalong, yon vèsyon modèn chèz la te menm sèvi nan lopital inivèsite a.

"CHU sa a se pou kominote a li ye, e se sèl kominote a ki ka deside kijan y ap jere l," sa a se te deklarasyon Araujo. Pou sa ki gen rapò ak kalite swen an, li obsève ke "Fanm riral k ap akouche yo (nan yon CHU) te konsidere sa kòm yon bagay nòmal ak natirèl. Nou pa tandem tout lamantasyon ak rèl nou konn abitye tandem nan lopital la."

Byenke kominote yo te sipòte PROAIS, plizyè pamì kòlèg inivèsite Araujo yo pat osi antouzyas. Apre lanmò misye nan lane 1985, sipò fakilte ak administrasyon an pou pwogram nan te vin diminye. Sepandan, sou yon pèspektiv politik, sa pat fè yon diferans. PROAIS te tèlman gen siksè — a yon moman done yo te akouche 10,000 tibebe san yon gress manman pat mouri — ke Ministè Lasante Brezilyen an te repwodui li e li te vin disemine nan chak minisipalite nan peyi a.

Si n ap fè yon retwospektif kounye a nou ka wè aspè pratikman vizyonè ki prezante a, paske yon fwa yo te mande Araujo si li t ap fache si lòt moun yon jou ta itilize metòd li yo san yo pa ba l kredi li merite pou yo a. Misye te reponn "Sa pa enpòtan." "Yon nèg viv etènèlman atravè pouvwa ide l yo."

Ede Adilt yo Wè Jèn yo Antanke Lidè: Yon Transfòmasyon Papa-Pitit Fi

Se te yon tansyon previzib, youn ke paran adolesan nenpòt kote te ka imajine. Li te manifeste nan kad estrateji Developman Lajenès nan rejyon LAC a ke fondasyon an te mete anplas nan ane 1990 yo. Estrateji a te sible jèn antanke aktè kle pou sispann sik entè-jenerasyonèl pòvrete a. Yo te atann yo aske jèn yo te pale nan rankont kominotè yo, epi pou yo te pwopoze ide pou pote amelyorasyon nan edikasyon, nan swen sante oswa nan developman ekonomik. Yo te atann yo aske yo dirije pwojè ki t ap pote nouvo sous revni pou ti fèm yo, ti magazen yo ak ti makèt yo.

Sepandan, ide aktivis ke jèn yo dirije yo te mete sèten granmoun malalèz. Yo te pè

pou enpak envès li te ka genyen an sou lòd sosyal la.

Granmoun yo te enkyete ke si timoun yo te kòmanse aji antanke lidè nan kominote a, sa ka vin antrave otorite parantal la nan kay la. Sèten jèn te sispek motif granmoun yo pat fin konn twò byen yo. E genyen ladan yo nan kominote a ki te enkyete ke lè yo ankouraje fi yo patisipe defason egal ak gason yo sa te vin alankont wòl tradisyonèl fanm yo jwe antanke gadyèn ak manman.

Yon pati nan defi a ka te soti nan nati delibere òganizasyon non-gouvènmantal (ONG yo). Sepandan, malgre bòn entansyon vokabilè ak aktivite yo – tankou òganizasyon rankont kote moun chita pandan plizyè èdtan epi ekri sou tablo yo – yo ka te sanble yo twò abstrè. Sitou pou sa kote travay yo fè chak jou yo te enplike travay ak yon wou oswa yon chari bèf trennen. Pou plizyè nan kominote a, konfyans pat ogmante toutotan yo pat wè jèn yo sèvi ak kapasite lidèchip k ap devlope yo pou kreye yon bagay ki gen valè. Se sa ki te rive avèk Rejane, ke istwa 1 la te prezante nan yon mizajou nan ane 2002 bay konsèy WKKF la. Se yon bon egzanp ki montre yon pwogram ke yo byen kreye ak byen egzekite kapab repouse lakrent nou te mansyone oparavan an konsènan lidèchip ak aktivism.

Rejane te youn pami 160 jèn moun ki te patisipe nan yon pwogram ki dire de lane nan Agents of Local Development (Ajan pou Developman Lokal) nan Pernambuco, Brezil. Li te etidye komunikasyon pèsonèl (ki empòtan anpil pou jèn ki pa janm pale nan gwoup oswa ki pa janm pale devan yon odyans) avèk tou teknoloji pou ti fèm ak enfòmatik debaz.

Rejane pat ka tann pou 1 te pataje sa 1 te aprann avèk papa li, yon fèmye ki gen laj 70 lane. Pou 1 te fè sa, li te mande defason saj, pou toulède te patisipe nan yon sesyon fòmasyon sou teknik pwodiksyon òganik ke yo te konsevwa pou ti fèm yo. Sa te ede apeze dinamik ke paran yo te krenn ki ta pral menase otorite yo. Pou Rejane limenm, pwojè a te prezante 1 avèk yon solisyon lavi reyèl ke li ka aplike nan fèm fanmi an. Pa gen okenn pwojè klas a karaktè atifisyèl ke aktivite granmoun konn kreye pou jèn yo konn genyen dèfwa. Alaplas, pou pitit fi ak papa a, pwojè a sible yon domèn ki te reprezante yon bezwen imedyia pou fanmi an. Jiska 2001, papa 1 ak pifò fèmye nan Goita River Basin ap pwodui de (2) rekòlt: kasav ak kanasik. Sepandan fliktyasyon nan mache lokal ak mache mondal yo te fè ekonomi kasav ak kilti kanasik sou yon ti echèl, ensèten. Plizyè fanmi, jèn yo sitou, t ap demenaje pou yo al chèche travay.

Se la a ke lidèchip silansye Rejane nan te peye dividann. Papa 1 pat sèlman patisipe regilyèman nan fòmasyon òganik la; li te al lakay li, metrize li sou pwòp fèm pa li epi li te vin tounen yon inovatè agrikilti òganik nan Goita River Basin. Kat nan sis pitit gason 1 yo, ki te jwenn ankourajman nan reyisit papa yo, ki te deplase al abite nan sid la pou yo te jwenn pi bon opòtinite, te retounen. Kominote a te swiv misye, e disi lane 2002, kèk 170 fanmi t ap vann legim òganik onivo lokal, ak nan mache ki te pran esò yo nan Recife, Brezil. Fanmi Rejane ak plizyè lòt moun te vin wè revni yo double – e petèt yo te vin panse pi favorableman sou kapasite jèn gason ak jèn fanm yo genyen pou yo konstwi yon avni ki miyò.

**Pou plizyè nan
kominote a, konfyans
pat ogmante toutotan
yo pat wè jèn yo sèvi ak
kapasite lidèchip k ap
devlope yo pou kreye
yon bagay ki gen valè.**



Konstwi Enstitisyon ki Konsantre sou Kominote

Apatide lane 1940 yo rive nan lane 1980 yo, gwo enstitisyon nan rejon LAC a, tankou estasyon rechèch agrikiltirèl yo, lopital ak inivèsite yo te esansyèl pou estrateji pwogram WKKF la. Yo te reprezante estasyon pou aprantisaj ak bousdetid, kote gradye yo ak dekouvèt sou rechèch yo te ka benefisyé tout rejon an nèt. Jiska kwasans ONG yo nan lane 1990 yo, se yo ki te antite ki te gen ase estaf ak finansman pou dirije gwo chanjman nan domèn tankou domèn lasante, agrikilti oswa nitrisyon.

Apresa, avèk esò demokrasi a, epòk yo te mande pou yon nouvo kalite enstitisyon – youn ki gen kapasite pou travay sou yon gran echèl men avèk yon konsantrasyon sou defi ki prezante nan nivo kominote yo. Moun te vle pou savan yo konsantre sou pwoblèm kominote yo olye pou yo konsantre sou gwo pwodiktè agrikilti ak enterè enstitisyonèl yo. Pou enstitisyon rechèch ak ansèyman yo, adaptasyon an te egzije yon peryòd reyoryantasyon ki te raman yon pwoesisan san pwoblèm e dèfwa ki te deklanche wotasyon efektif pami lidè yo ak estaf la. Kellogg Foundation te asosye avèk plizyè enstitisyon an tranzisyon pandan peryòd sa a. Sa ki te anmezi pou fè chanjman an, jan egzanp sa yo ilistre 1 la, te parèt pi solid e yo te pi adekwa pou ni kominote yo ni bayè fon yo.

EARTH: Konstwi yon Enstitisyon Angaje depi Alabaz

Jiska kòmansman ane 1990 yo, plizyè kolèj agrikiltirèl e menm lekòl segondè pwofesyonèl yo nan rejon LAC a te bay elèv yo yon edikasyon teyorik. Yo te aplike yon apwòch ki te santre sou salklas la, e ki te pi apwopriye pou gradye yo ki ta pral travay nan fèm sou yon gran echèl. Byenke lekòl sa yo te byen prepare pou reyoryantasyon enstitisyonèl, se pat menm bagay la pou EARTH University nan San Jose, Kostarika. Depi nan kòmansman an, apwòch praktik EARTH la parapò ak edikasyon premye sik te rezone avèk lidè pwogram Kellogg Foundation yo. (Anreyalite, Dr. Norman A. Brown, prezidan ak chèf eksplwatasyon WKFF, te jwe yon wòl konsiltatif lè EARTH te nan toupremye faz devlopman 1 yo.) Menm anplasman lekòl la te prepare 1 pou yon misyon refòm anviwònmantal ke elèv te

dirije. EARTH chita sou anplasman yon ansyen plantasyon bannann, kote pratik agrikiltirèl danjere l yo te kite dèyè yon eritaj toksik.

"Lè nou te fèk vini nan EARTH, tout rivyè a nèt (ki pase atravè pwopriyete a) te kontamine avèk plastik ble, ki gen pwodui chimik anndan l, e ke yo te konn itilize pou ekspedye bannann," sa a se sa Jose Zaglul, ko-fondatè EARTH rakonte li sonje, nan yon entèvyou sou PBS News Hour nan lane 2016. "E lè premye gwoup etidyan yo vini, nou fè yo vini e nou kòmanse ranmase tout plastik yo." Jouk kounye a EARTH pwodui bannann, men defason dirab ki tounen yon modèl pou endistri a. Anbalaj plastik ble a kounye a pase nan resiklaj e yo itilize tij bannann yo ak fwi ki gate yo pou nourri betay yo. EARTH vann bannann li "Plante Defason Responsab" a yon pri pi elve bay achtè tankou Whole Foods.

Pou etidyan EARTH yo, devwa nan klas ak travay nan chan mache ansanm. Yo travay, byen souvan anba yon solèy twopik cho, nan chan ak nan vèje EARTH yo epi nan ti pwojè agrikilti nan vilaj ki toupre yo. Byenke etidyan EARTH yo travay pou obtansyon degré bakaloreya yo nan syans agrikiltirèl, yo atann yo egalman aske yo tounen dè lidè etik avèk yon angajman solid parapò ak jistis sosyal ak dirabilite. EARTH kounye a atire etidyan ki soti nan 43 peyi nan Amerik Latin nan ak nan peyi Lafrik. San èd finansye, 83 poustan nan etidyan yo pa ta kapab peye pou edikasyon nan EARTH.

EARTH sèvi kòm yon egzanp prensipal sou kijan yon sipò fondasyon an pou yon enstitisyon kapab e ta dwe evolye. Alinisyal, WKKF te finanse bousdetid jeneral pou etidyan EARTH yo, men apre yon tan, yo vin pi selektif. Rive lane 2002, sibvansyon bousdetid fondasyon an te sible moun ki te travay pou pwojè WKKF yo nan zòn jeyografik prioritè l yo. Pou benefisyè sa yo, lè yo te voye estaf yo nan EARTH, sa te tounen yon fòm devlopman pwofesyonèl. Sibvansyon an te mande anplis ke 50 poustan nan bousdetid yo ale pou etidyan fi yo, avèk tou etidyan ki soti nan gwoup Afriken ak gwoup endijèn byen presi.

Apresa, nan lane 2016, fondasyon an fè yon don monimantal \$40 milyon dola pou etabli yon eritaj pèmanan avèk EARTH. Fon sa yo te ede kreye yon dotasyon pou "asire opòtinite fiti nan edikasyon agrikiltirèl pou jèn ki defavorize ekonomikman yo." Montan \$40 milyon dola a te yon gwo montan pou yon inivèsite ki gen yon efektif pou enskripsiyon ki se 430 elèv. Men envestisman an, ki te youn nan dènye a pam 30 sibvansyon ke WKKF te akòde bay EARTH depi etablisman l nan, te yon kilminasyon lojik pou bon pwogrè ki fèt jouk jounen jodiya.

"Gen plis pase 25 lane desa, Kellogg Foundation te asosye avèk gouvènman Kostarika ak USAID pou konstwi yon modèl edikasyon inik ki byen chita sou lidechip, antreprenarya, ak konsantizasyon anviwònnmantal", sa a se deklarasyon

***EARTH sèvi kòm yon
egzanp prensipal
sou kijan yon sipò
fondasyon an pou yon
enstitisyon kapab e ta
dwe evolye.***



La June Montgomery Tabron, prezidan ak Direktè Jeneral WKKF, nan yon komuniké laprès. "Lè sa a pat gen okenn enstitusyon konsa ki te egziste, e se te yon gwo risk. Jodiya, EARTH kontinye ap aliyen avèk misyon WKKF. Vizyon yo kanpe pi rèd, e se tout yon onè pou nou pou nou bay kado resan sa a, ki gen yon eleman korespondan, bay inivèsite a. EARTH ofri yon modèl inik pou edike lidè demen nou yo e li merite sipò — nan men WKKF ak zòt — pou 25 pwochen ane k ap vini yo."

UNI ak Anatomi Gwo Inisyativ la

Pa gen okenn lòt kote pase avèk inisyativ UNI a ke efò fondasyon an pou l konstwi enstitusyon ki konsantre sou kominate nan Amerik Latin ak nan Karayib la, te osi vas. Sepandan, pou konprann kijan UNI te vin kreye, li bon pou konsidere epòk yo ak sikontans ki fè pwojè odasye sa a te posib.

Nan lane 1981, fondasyon an te gen aktif ki te totalize \$696,371,228 ak yon ekip estaf ki te gen 75 moun. Rive 1991, chif sa yo te totalize \$5,203,777,794 ak 203, respektivman. Nan menm ane sa a, WKKF amenaje nan nouvo syèj sosyal li yo nan anba lavil nan Battle Creek, ki te ofri anpil espas pou ekspansyon. Gè Fwad la te fini avèk Chit Mi Bèlen nan lane 1989. Linyon Sovyetik te disoud, e plizyè moun nan Kongrè a te mande pou rediksyon drastik nan depans pou defans Lèzetazini, ki t ap vin lakòz yon "dividann lapè", yon bonis bidjetè ki ta ka finanse tout yon dividal amelyorasyon sosyal. Avèk sistèm Kominis la ki te an retrè, pwopagasyon global demokrasi a te sanble li te iresistib, patikilyèman nan peyi oprese yo nan Amerik Latin nan ak nan Karayib la. Lè a te rive pou envesti lajman nan nouvèl òd mondal la e estrateji fondasyon an te reflete optimis sa a.

WKKF te kreye inisyativ pwogram nan odebì lane 1990 yo, kòm yon estrateji sibvansyònman ki ta pral travay pou atenn objektif li yo sou pi gran echèl posib la. Piò inisyativ pwogram yo te konsiste de 10-20 oswa plis pwojè, tout t ap travay pou menm objektif komen an. Byenke fondasyon an te finanse sa fè lontan, ansanm pwojè sanblab yo ke yo rele gwoup yo, inisyativ pwogram yo te diferan sou plizyè aspè:

- Yo te gen plis kontwòl sou patisipasyon, e yo te aksepte pwopozisyon yo sèlman pou yon gwoup benefisyè potansyèl yo te envite.
- Konsistans nan pwojè yo te yon eleman esansyèl, kòmanse ak yon teyori chanjman ki te prezante yon estrikti fòmèl pou fason y ap adrese pwoblèm yo.
- Patisipasyon pami benefisyè yo te vas, avèk tout yon orè pou seminè, rankont ak vizit souplas pami pwojè manm yo.
- Inisyativ yo ka dire 10 lane oswa plis avèk de oswa twa faz finansman, konpare ak twa lane finansman abityèl yo pou gwoup yo.
- Jeneralman inisyativ yo te baze sou tèm, e nan rejyon LAC a yo te santre sou sante, agrikilti ak devlopman riral.



A travè inisyativ pwogram, WKKF te chèche konstwi yon mas kritik pou pwojè ki t ap mennen chanjman nan sistèm yo atravè anplè yo, inovasyon yo ak enflyans yo. Nan rejyon an, yo te konstwi Community Partnerships for Health Professions Education (UNI) baze sou echèl sa a. Apatide 1991 rive 2006, UNI finanse 23 pwojè nan 11 peyi nan rejyon LAC a – ki te enplike plis pase 200 òganizasyon sante – pou yon envestisman total de \$54 milyon dola. Malgre konpleksite l, vizyon ki te motive UNI a te baze sou yon ide dirèk – ke sistèm swen sante yo dwe pwomouvwa lasante ak prevansyon maladi. Pou atenn pi bon rezulta, selon prensip sa a, sistèm sante yo dwe oryante anfaz yo vè swen prensipal abòdab, kalite swen pifò moun bezwen pou rete ansante e pou anpeche maladi kwonik. Pou kreye ak soutni sistèm sante sa yo, medsen yo, enfimyè yo ak dantis yo ki te resevwa fòmasyon pou founi swen familyal ak swen prensipal te bezwen eksperyans nan ni milye lopital ni milye kominotè.

Yo te konstwi yon triyad pou UNI ki te konekte inivèsite a, kominote a ak sèvis sante. Nan travay pou atenn objektif UNI yo, pifò inivèsite yo fè yon chanjman radikal soti nan ansèyman ki baze nan salklas pou ale nan ansèyman pratik nan tout nivo sistèm swen sante a. Kèk pwojè UNI yo konstate yon ogmantasyon 500 poustan nan kantite èdtan pou kou yo ke yo te konplete sou teren an. Sa ki te pi satisfezan toujou pou pwofesyonèl sante yo se te koneksyon pwofon yo te vin devlope avèk pasyan yo nan kominote yo. Lè yo vin aprann detay pratik nan lavi toulejou pasyan yo, sa te pèmèt yo ankouraje bòn sante epi jere pi byen enfimite yo. Pou doktè ak enfimyè yo, jan de rankont anrichisan sa yo pandan ane fòmasyon edikatif yo, te pote chanjman nan karyè yo e souvan tou chanjman nan lavi yo. Leson dirab baze sou eksperyans UNI yo gen ladan yo:

• **Pwolonje Aktivis Kominotè Odela de Inisyativ la**

UNI te ede moun nan kominote yo panse defason diferan sou relasyon yo ak founisè sèvis sosyal yo. Kapasite lidèchip ak aptitud pou negosyasyon ke sa te mande a te transferab byen fasilman pou lòt domèn lavi kominotè. Sa ki te kòmanse avèk UNI a

***Pou atenn pi bon rezulta,
selon prensip sa a, sistèm
sante yo dwe oryante
anfaz yo vè swen prensipal
abòdab, kalite swen pifò
moun bezwen pou rete
ansante e pou anpeche
maladi kwonik.***



te vin pwolonje odela de pòte inisyativ la. Anplisde travay pou defann sèvis nesesè yo, kominote yo te kòmanse travay avèk otorite yo pou jwenn solisyon pou pwoblèm kòm pwoblèm disponibilite doktè jiska pwoblèm pou tretman dechè.

• **Konstwi yon Kilti Patenarya**

Menm jan ke kominote yo te eksplwate aptitud lidèchip yo te akeri atravè UNI pou lòt objektif, inivèsite yo tou te wè apwòch ideyoloji a te pwopaje nan lòt kolèj ak nan lòt disiplin. Domèn karyè tankou achitekti, dwa ak sèvis sosyal te adopte prensip ideyoloji a, e yo te aplike l nan pwòp pwogram yo. Eksperyans UNI a te ede inivèsite nan reyon LAC yo annantye pou yo te vin pi amonize avèk kominote ak abitan yo desèvi yo.

• **Pran Desizyon Pataje Sou Bidjè yo**

Estrikti twa pati pou pwojè UNI yo te egzije priz desizyon pataje nan tout nivo. Konsiderableman, sa vle di ke alokasyon bidjè yo – yon pwen diskòd komen pou kèlkeswa patenarya a – te dwe detèmine defason mityèl. Se komite ki te gen reprezantasyon konplè nan inivèsite yo, kominote a ak sèvis sante yo ki te etabli bidjè yo. Menm jan ak tout lòt bagay, pratik sa a ranfòse ekite nan pwojè yo. Pat gen okenn patnè ki te ka mande pati pa l nan sibvansyon an pou izaj pèsonèl ni yo pat ka pran fon sibvansyon yo epi disosye tèt yo de patenarya a.

• **Pa Lezinen sou Evalyasyon**

Yon gwo enkonvenyan pou UNI se te mank yon plan evalyasyon ki te ka mezire enpak li sou eta sante a pou 23 kominote li desèvi yo. Okontré, etid evalyasyon yo te fè yo pat anpil e yo te dispèse. Yon bagay ki malere, etandone nan pwojè ki mezire enpak, genyen ki te rapòte ke to mòtalite bebe yo te diminye de 40 e menm de 78 poustan. Plis done enpak te ka reprezante yon agiman pi solid pou yon emplémentasyon pi vas de estrateji UNI a.





N ap Kenbe Jèn yo nan Sant Devlopman an

Byenke fondasyon an te toujou yon òganizasyon ki santre otou jèn yo, sa ekip LAC a te pwopoze an Septanm 1999 te yon bagay totalman diferan. Yo soumèt yon plan ki te solisite jèn yo kòm aktè kle nan konba reydon an kont kwasans pòvrete a. Yo t ap "pozisyone jèn yo nan mitan yon kad ... pou kanpe sèk entè-jenerasyonèl visye a ki atache a pòvrete a." Yo t ap konsidere jèn yo "antanke pwen enfliyan estratejik, youn ki kapab kreye pi gwo enpak nan tout sistèm nan." Yo t ap depann sou jèn yo kòm "yon pwen depa pou konsepsyon pwogram yo, politik yo ak entèvansyon kote efè pozitif yo t ap pwopaje sou deyò."

Epòk sa a, sa yo te mande a te yon defi. Nan tout reydon an yon epòk rasyonalizasyon sèvè te sou wout. Gouvènman yo te redui sou pwogram sosyal yo e yo te koupe sibvansyon ekonomik yo pou fè vèsman sou kokennchenn dèt etranje yo te genyen yo. Mezi drastik sa yo, konbine avèk chanjman nan ekonomi mache a, te ogmante pri manje e te ogmante to chomaj la. Nan moman difisil yo, jèn defavorize yo te "dènye sa ki antre, se premye sa ki soti" nan mache travay la.

Annefè, sa te vle di ke estaf LAC a ak benefisyè yo ta gen pou yo adrese toude, ni kòz pòvrete a (edikasyon medyòk ak mank fòmasyon pwofesyonèl pou jèn ki gen laj pou ale lekòl) etan y ap trete efè l yo (jèn ki te toujou nan chomaj yo akòz yo pat gen konpetans pwofesyonèl e yo pat gen aksè pou jwenn fon). Sepandan, sa jèn yo te genyen se te enèji, antouzyas, espwa, odas pou akonpli sa granmoun blaze yo pat ka fè. Flanbo potansyalite a te briye piplis nan estrateji Devlopman Lajenès yo.

Estrateji a pou tèt pa li te konstwi otou Gwoup Konplè (CC yo), pwojè ki gen plis otonomi pase sa ki anba modèl inisyativ pwogram nan. Benefisyè CC yo ka chwazi apatide yon gam opsyon – sante, nitrisyon, agrikilti, edikasyon, elatriye – pou konsevwa yon pwojè ki pi apwopriye pou anplasman ak sitiyasyon yo. Byen souvan

Yo t ap depann sou jèn yo kòm "yon pwen depa pou konsepsyon pwogram yo, politik yo ak entèvansyon kote efè pozitif yo t ap pwopaje sou deyò."



yo te elabore sou pwojè WKKF te gen anvan yo pou optimize patenarya ak rezo yo.

Yon etap inisyal pou prèske tout CC yo se te pou konstwi antreprenary pamì jèn yo ak jèn adilt yo. Jèn yo aprann lokalize opòtinite ekonomik nan kominate yo ak devlope yon eta despri kreyatif ak yon mantalite dantrepriz. Nan domèn sa a, yo demontre anbisyon ak enjenyozite konsiderab. Genyen ki te kòmanse biznis pou fabrike rad, e nan peyi Bolivi sa te gen ladan tapisri Aymara tradisyonèl. Genyen ladan yo ki te vann pwodui forestye; gen lòt ki louvri atelye reparasyon. Youn ladan yo te pwodui yon angrè imis òganik abaz vètè, pou ede pwodiksyon quinoa nan rejyon Plato Wo Anden yo. Sa ki te pi remakab la se te efò pou apwovizyone varyete ansyen pòmdetè Andeyen yo bay yon kòporasyon aliman pou kolasyon ki gen renome mondyal. Plizyè ladan

yo te kòmanse fon mikwo-kredi pou ede jèn yo etabli biznis yo, e anjeneral to repeman an te 95 pouzan – sa ki te depase to kreyansye komèsyal yo.

Gwoup Konplè yo te òganize ozalantou Zòn Jeyografik Priyoritè oswa PGA, WKKF yo. PGA 1 se te zòn sid Meksik, Amerik Santral ak Karayib la; PGA 2 se te zòn nòdès Brezil; epi PGA 3, se te zòn Andin yo nan Ekwatè, Bolivi ak Pewou. Ekip LAC a te devlope CC yo nan yon fason sekansyèl. Yo te kòmanse nan PGA 1 e gradyèlman yo te ale nan de lòt yo, etan y ap aprann ak pote amelyorasyon ofiramezi y ap vanse. Apatide lane 2000-2010, fondasyon an te finanse 180 pwojè CC nan twa PGA yo ak 33 mikwo-rejyon pou yon total \$58 milyon dola.

Nan CC yo, byenke yo te divèsiye antre yo, te gen lesон komen ki te sòti nan yo.

• **Difilikte pou fè Tranzisyon soti nan Patenarya pou ale nan Alyans**

Pou manm CC yo, diferans ki genyen ant yon patenarya ak yon alyans te plis pase yon afè semantik. Patenarya a te vin an premye epi se te yon etap inisyal ki te krisyal antanke ti gwoup òganizasyon ki te ini toutotou yon pwojè pou resevwa finansman WKKF. Yo te ka fè pi bon patenarya yo konfyans, yo enklizif e yo te ka poze baz ki nesesè pou pwochen faz la: yon alyans kominotè. Yo te antisipe ke alyans la ta pral bay pi gwo rannman an tèm de chanjman enstitisyonèl ak kominotè. Li te rasanble lidè ki soti nan gouvènman lokal yo, òganizasyon ki nan sosyete sivil la ak lòt aktè kle nan yon teritwa done. Ideyalman, alyans la t ap kanpe dèyè objektif CC yo tennfas epi li t ap entegre objektif sa yo nan dè pwogram ak politik sosyal ki t ap dire byen lontan apre sipò WKKF fini. Epitou yo te antisipe ke alyans yo ta pral "adrese kesyon dezekilib ki gen nan pouvwa a poutèt kontwòl resous diferansyèl nan resous fondasyon an," selon yon rapò LAC 2008 ke yo te prezante bay konsèy fondasyon an. Sepandan fè yon bagay konsa ka pi difisil pase sa moun konprann.

Nan plizyè ka, estaf ak konsiltan WKKF yo te pran inisyativ pou yo travay antanke òganizatè ki ede patnè yo drese ajanda chanjman CC a. Byenke fondasyon an te ezite jwe wòl sa a an jeneral, lidè pwogram yo te santi ke t ap gen twòp risk si yo te rete bra kwaze aleka. Annapre benefisyè yo te di monte alyans solid se te aspè ki te pi difisil nan pwosede a – e malgre sa se li ki te bay plis avantaj.

• **Edikasyon Enfòmèl pou Fèmen Eka Ekite a**

Patisipan nan pwojè CC yo te fè konnen amelyorasyon nan edikasyon se pi bon fason pou sispann sik entè-jenerasyonèl pòvrete a. Men nan lansanm, sistèm lekòl yo te vin tounen patnè anbivalan, kote byen souvan direktè ak pwofesè yo te ezite chanje metòd ak fason yo anseye yo. Byenke sèten lekòl te achte konpyoutè endividyle, yo te pran tan pou yo te aliyen pwogram akademik la ak objektif Devlopman Lajenès yo.

Sepandan, pwogram CC yo ki te pwopoze edikasyon enfòmèl pat sibi kontrent sa yo. Andeyò lekòl la, pwogram konesans nan enfòmatik, fòmasyon pwofesyonèl ak sitwayènte bay jènjan yo konesans yo ka vreman itilize. Gen anviwon 10,000 ki te patisipe nan sesyon fòmasyon enfòmèl. Tankou Rejane, se yon egzanp ki montre lajenès CC itilize fòmasyon sa a pou l kòmanse yon fèm familyal oswa yon biznis – epi yo tounen lidè ki vin chanje nan pwosede a. Se pa ke edikasyon enfòmèl ap janm kapab ranplase edikasyon fòmèl, non. Sa ki pi enpòtan an se amelyore kalite lekòl piblik yo, sitou lekòl ki desèvi malere ak jenès ki eskli a. Sepandan edikasyon enfòmèl ka ede jenès ki dezavantaje reysi – rapidman ase souvan – epi pwomouvwa pwogram ki pi vas nan Devlopman Lajenès.

• **Pòmdetè Mòv ak Pouwva Kapital Pwodiktif**

Pandan 8,000 lane, fèmye ki byen wo sou Plato Wo Anden yo (High Andes) plante pòmdetè yo san yo pa fè okenn bwi ak sa. Pòmdetè ki pouse nan Lèzand natif yo bon pou lasante e se yon danre debaz ki byen adapte li ak yon klima difisil ki chaje ak wòch e ki nan yon altitud 3,500 mèt (plis ke 11,000 pye). Men puiske yo tou piti, gwasè yo pa regilye epi koulè yo klere, yo te lekontrè de esnak pòmdetè yo anbale nan sipèmakèt yo.

Se yon alyans CC te dirije ki te resi konvenk achtè konpayi yo ke pòmdetè ki soti Lèzand yo merite pou yo mete yo sou kontwa pou vann tou. Nan lèzand peyi Pewou, jèn ki avèk CC-Jauja, te travay ak ONG lokal yo pou etabli yon antant ki pat gen anpil chans pou l te reyalize. Y ap vann Frito-Lay pòmdetè yo, epi Frito-Lay atòt ap fè poteto tchips avèk yo epi l t ap vann yo anba mak Lay Andinas.

"Lè yo kreye yon chenn pwodiksyon pòmdetè natifnatal sa pral pèmèt revni fanmi yo ogmante anpil epi sa pral amelyore pwodiksyon manje nan kominate Junín ak yon pati Huancavelica," dapre sa César Huamán Vila te di nan yon kominiye laprès WKKF an 2008. Huamán Vila te yon kowòdinatè pou FOVIDA, ki se yon ONG ki te sipòtè pwojè a nan Huancavelica ak Junín, e zòn sa yo pòv anpil.

Pou konsomatè ki siveye danre yo, pòmdetè ki soti Plato Wo Anden yo (High Andes) se te yon revelasyon. Sitou varyete mòv la ki gen yon gou solid, ak valè nitritif djamn

***Andeyò lekòl la,
pwogram konesans nan
enfòmatik, fòmasyon
pwofesyonèl ak
sitwayènte bay jènjan
yo konesans yo ka
vreman itilize.***



e ki gen anpil anti-oksidan konpare ak lòt pòmdetè komèsyal yo. Pou li te ka lanse pwodui 1 lan an 2008, Lays te achte 300 tòn pòmdetè nan men fèmye Lèzand yo. Evantyèlman, antant komèsyal Frito-Lay fè a pèmèt li achte pòmdetè nan men 6,000 fèmye.

Antant sa a montre ke ekip LAC a kwè nan kapital pwodiktif antanke zouti pou fè Devlopman Lajenès la avanse. Kapital pwodiktif vle di "byen ak sèvis yo itilize nan yon sik pwodiksyon: kidonk matyè premyè, enèji, ravitayman, sèvis ki nesesè pou chak etap pwodiksyon." Tankou nan Lèzand, kapital pwodiktif kapab mete potansyèl pwomès la omaksimòm, men pwodui yo ka sou-evalye. Li ka konekte lyen ki pa konekte yo nan chèn apwovizyonman, ogmante pwodiksyon an oswa sipò mak ak efo maketing yo. Li mache pou pòmdetè Lèzand yo, men li mache tou pou yogout Brezilyen ki fèt abaz lèt kabrit ak eko-touris. Byenke kapital pwodiktif pa yon panase kont lapòvrete, li ede envestisè ekstèn yo wè nouvo posibilité ki egziste nan de kote yo inyore byen souvan. Alèkile yo pwouve sa ak demi douzèn lòt mak k ap fè Frito-Lay konpetisyon aktyèlman nan vann tchips mòv ki fèt ak pòmdetè ki pouse nan Lèzand.

• **Evalyasyon ak Diseminasyon pou Amelyore Aprantisaj**

Menm pou yon inisyativ 10 lane, tan an evantyèlman gen pou l pase. Se sa ki te rive ak aktivite Evalyasyon ak Diseminasyon yo te planifye pou estrateji Devlopman Lajenès la. Rezulta a sèke gwoup evalyasyon ak diseminasyon an pat konplete lè finansman CC te fini an 2007. Sèl eksepsyon an se Kellogg Foundation ki te dokimante travay la nan jounal filantwopik e akademik, lesson siplemantè yo pat depase kad sesyon nan konferans ak rankont.

Defi a te soti nan efò ki limite pou etabli kapasite òganizasyon lokal yo pou yo disemine travay yo. Etandone pat gen ase fòmasyon ki te fèt, sa te vin kreye yon eka ki fè moun pat ka konprann kijan evalyasyon ak diseminasyon ka enflryanse siksè k ap fèt nan yon pwojè. Si estaf ak kominote yo ka itilize dènye done yo regilyèman pou montre kisa ki mache ak kisa ki pa mache, yo ka kreye yon anbyans pou amelyorasyon kontinye fèt. Lè evalyasyon an se yon pwosesis aprantisaj benefisyè yo dirije, yo kapte istwa ak konesans pandan tan sa a – etan yo devlope kaptaj materyèl diseminasyon pou pataje yo.

Plizyè CC yo konstate sa dirèkteman atravè yon pwosesis evalyasyon patisipatif ke Institute for Rural Innovation (ke yo rele pa akwonim panyòl li, IIR) te dirije a. IIR te fòme gwoup pwofàn pou rasanble ak analize done debaz nan kominote yo. Finalman, IIR pat anmezi pou l fini pi gwo evalyasyon gwoup la. Sepandan, kòm rezulta pozitif, nan rasanble done debaz nan men rezidan kominote yo sa te bay tout moun ki te patisipe yo yon meyè sans de kondisyon lokal yo. Sa, anretou, te vin ogmante kwayans yo nan evalyasyon kòm yon zouti valid pou pran desizyon.



Konstwi Òganizasyon ki Konstwi Kominote

Esò demokrasi nan Amerik Latin ak Karayib la pandan ane 1980 yo ak 1990 yo te bay nouvo pètinans ak objektif pou sektè ki pa travay pou pwofi a – oswa twazyèm sektè a. Modèl la ki akse sou eta yo, kote gouvènman an te domine lavi piblik la, te disparèt. Yon nouvo kontra sosyal te pran nesans, youn kote òganizasyon sitwayen te dirije te ka founi sa gouvènman an pat founi an tèm de sèvis sosyal ak devlopman. Òganizasyon ki pa travay pou pwofi yo te ideyal pou jande misyon sa a: piti ak ajil, konekte nan kominote yo epi angaje yo nan lajistis sosyal. Wòl aktivis yo te diferansye yo de òganizasyon charitab nan Amerik Latin yo ki te la anvan yo. Lè òganizasyon ki pa travay pou pwofi yo bay èd, yo te santi yo oblige mande tou pouki rezon èd la te nesesè. Nan espri sa a, òganizasyon ki pa travay pou pwofi yo ke WKKF te finanse yo, te goumen pou kòz estriktirèl pòvrete yo san gade dèyè, e yo pat kontante yo sèlman pou trete sentòm pòvrete yo.

Sepandan, pou twazyèm sektè LAC a te ka reyisi nan yon wòl elaji, li te enpòtan pou l fè fas ak lakin li yo. Lè ONG yo te pote pasyon ak eksperyans dirèk nan misyon yo a, byen souvan yo manke konpetans nan aptitud jesyon (resous imèn, kontabilite, maketing) ki te nesesè pou yo te dirije yon òganizasyon ki gen siksè. Menm bagay la te aplike pou filantwopi. Esò ekonomik la te rann yon ti kantite, men yon kantite kwasan moun ak biznis trè rich e potansyèl yo te genyen pou yo te fè don te pi wo pase sa l te janm ye anvan an. Men, pou jès charitab sa a ka efikas, domèn filantwopi a te bezwen devlopman pèsonèl li, pwogram degre fòmèl nan jesyon òganizasyon ki pa travay pou pwofi ak asosyasyon komèsyal ki te ka etabli nòm yo ak pwomouwva meyè pratik yo. Pou soti nan patènalis pou rive nan pwofesyonalis te mande menm egzijans yo.

W.K. Kellogg Foundation te byen konprann siti�asyon sa a. Fondasyon an te dirije efò pou pwofesyonalize filantwopi ameriken an soti nan lane 1960 yo ak apre. Li te sipòte Konsèy Fondasyon yo ak asosyasyon reyjonal yo tankou Konsèy Fondasyon



Michigan yo (Council of Michigan Foundations). Li te ede kòmanse pwogram degre pou òganizasyon ki pa travay pou pwofi yo nan lekòl tankou Indiana University ak Case Western Reserve University. Plis pase nenpòt domèn pwogram LAC, estrateji pou konstwi twazyèm sektè a se te yon estrateji ke estaf WKKF yo te konnen pèsònèlman. Baze sou pwennvi sa a, pèspektiv enpòtan sa yo vin parèt:

• **Jwenn Lidè ki Adopte Nouvo Apwòch la**

Rejyon an te bezwen konstwi yon enfrastrikti twazyèm sektè: fòmasyon solid, operasyon ak règleman pou sipòte kwasans sen ONG yo ak fondasyon yo. Men li te bezwen tou dè lidè vibran ak vizib ki te gen antouzyas ak entèlèk ki te reprezante sa nouvo twazyèm sektè a te enplike. Nan peyi Brezil, Oded Grajew te egzanplifye lidèchip sa a.

Grajew fèt nan peyi Tel Aviv, Izrayèl, e li fonde Grow Games nan lane 1972, yon konpayi jwèt Brezilyen ki te fabrike "jwèt entelijan" pou granmoun ak jèn. Li te yon moun ki t ap defann byen bonè e poukont li sa yo konnen jodiya sou non responsabilite sosyal enstitisyonèl. "Pandan tan mwen te pase nan domèn biznis nan lane 1970 yo ak 1980 yo, kòlèg mwen yo souvan te skeptik parapò ak ide mwen te genyen yo pou m chanje pratik biznis yo," sa a se deklarasyon Grajew te fè, nan yon antrevi an 2014 avèk Tellus Institute. "Yo di m konsa ke ide yo te enposib, yo te di se rèv sa te ye."

Pa kontras, ekip LAC a te wè rèv li yo kòm rèv vizyonè. Grajew premyèman te apwoche fondasyon an nan lane 1993 lè li te prezidan Brazilian Toymaker's Association (Asosyasyon Fabrikan Jwèt Brezilyen). Li chèche finansman pou kòmanse yon filantwopi ki ta pral defann dwa timoun defavorize Brezilyen yo. Fondasyon ki te tounen Fondasyon ABRINQ la t ap vin mobilize sipò nan men gouvènman, biznis, sosyete civil la, medya a ak lòt fondasyon.

ABRINQ kreye yon pwogram Biznis ki Adapte pou Timoun (Child Friendly Business) ke konpayi yo te ka enplike ladan yo baze sou de kritè: envestisman nan pwogram sante oswa pwogram edikasyon pou timoun; epi pwouve ke yo te pwodui machandiz yo san yo pat itilize mendèv timoun. Anretou, konpayi yo te ka plase etikèt "Child Friendly Business" yo sou pwodui yo. Depi lè sa a, ABRINQ te gen yon enpak konsiderab sou timoun yo nan Brezil. Disi lane 2013, plis pase 760 biznis ki itilize etikèt "Child Friendly Business" te envesti \$199 milyon dola nan pwogram timoun.

Sipò fondasyon an pou ABRINQ te gen yon gwo enpak tou sou trajekta karyè Grajew. Antanke yon lidè ak pansè mondyal, ide l yo te depi lè sa a fasonen politik ak konpòtman peyi yo atravè lemonn. Li kite sektè prive a nan lane 1998, pou kreye Ethos Institute for Social Responsibility. Premye fondasyon nan jan sa a nan peyi Brezil, Ethos te defann pratik etik yo atravè plizyè esfè enfliyans: gouvènman, anviwònman, kominote ak relasyon anplwaye yo. Ethos, te yon benefisyè sibvansyon WKKF tou, e te gen konpayi 250 manm apre de lane operasyon.

Apresa, nan lane 2001, Grajew konsevwa yon pi gwo ide toujou. Se te pou yon vèsyon sosyal pou World Economic Forum (WEF), rankont anyèl elit sektè prive ak sektè publik yo nan Davos, Peyi Laswis. "Nou bezwen yon kontrebalans pou WEF, yon fowòm ki santre sou moun pou panse ak fason pou amelyore monn lann," sa a se deklarasyon Grajew w te fè. "Mwen te panse," 'Pouki pou m pa kreye World Social Forum (WSF), menm jan nou genyen World Economic Forum [Fowòm Ekonomik Mondyal]?' Globalizasyon se pa sèl fason pou gade monn lan."

Apre ke Grajew te rasanble sipòtè ak donatè, WSF te vin pran nesans. Nan lane 2001, premye WSF la nan Porto Alegre, nan peyi Brezil, te atire 60,000 moun ki te soti nan 120 peyi. WSF kontinye chak ane, avèk 80,000 moun ki patisipe nan WSF 2018 nan Salvador, peyi Brezil. (Apeprè 3,000 patisipe nan WEF nan Davos e 900 ladan yo se direktè jeneral.) Apre 25 lane, rèv enposib yon fabrikan jwèt kontinye ap enspire ak anseye.

• **Yon Nouvo Langaj, Kilti ak Imaj pou Filantwopi**

Nan lane 1990 yo, ONG ak fondasyon yo te travay di pou konstwi kapasite pwofesyonèl yo e pou rekonsantre sou inovasyon ak chanjman sosyal. Malgresa, twazyèm sektè a te bezwen tou pou l remanye imaj publik li a, ki te kontinye ap evoke memwa negatif de pase patènèl li.

Se te yon kesyon pou pwomouvwa toude, estil ak sibstans twazyèm sektè revitalize a. Òganizasyon ki pa travay pou pwofi yo te chanje e kilti yo ak lang yo te reflete sa. Responsabilite sosyal, envertisman sosyal ak demokrasi patisipatif te plis pase bèl pawòl; se pratik yo te ye ki te ka benefisyé pwofan ak kominote yo. Pou ekspedye akseptans publik la, li te nesesè pou medya enfòmasyon yo te rakonte istwa twazyèm sektè a nan yon novo aspè.

Plizyè pwojè WKKF te finanse te devlope pwogram kominotè pou ogmante ekspozisyon medyatik yo sou travay yo. Men gen youn ki te parèt kòm sa ki te pi disten ak ki te pi reyisi a: Magazin Tercer Sector (twazyèm sektè). Se Del Viso Foundation nan peyi Lajantin ki te etabli li e se volontè sèlman ki te dirije l. Avèk yon sibvansyon WKKF, sa ta pral chanje yon fason ki pi enkonvansyonèl la. Magazin ki soti chak twa mwa a, ki te gen konsantrasyon sou sektè ki pa travay pou pwofi a, ta dwe tounen yon inisyativ ki travay pou fè pwofi. Fon sibvansyon yo te anboche estaf pwofesyonèl inisyal la, men Tercer Sector la ta gen pou l soutni tèt li atravè pubbliste, abònman ak gwo lavant nan lari nan kyòsk yo nan Buenos Aires.





Gen moun ki sèten ke konpetisyon an te reyèlman amelyore objektif ak kalite magazin lan. Nan lespas sis lane, Tercer Sector te vin otonòm. Sikilasyon magazin lan te triple soti nan 2,000 rive nan 6,000 e kantite piblisitè yo te ogmante rive 40. Frekansite piblikasyon yo te ogmante soti nan kat rive nan sis piblikasyon chak ane. Jodiya, Tercer Sector kontinye antanke yon platfòm miltimedya pou ide ki te chanje twazyèm sektè Amerik Latin nan. Ansanm avèk enpresyon, li te opere yon sitwèb entè-aktif, rezo sosyal ak pwogram radyo. Li ofri konsiltasyon medyatik bay òganizasyon ki pa travay pou pwofi sou yon baz frè pou sèvis. Byenke ONG ak fondasyon yo sikile souvan piblikasyon yo gratis, Tercer Sector te reyisi fè efè opoze a. Li ofri pwodui ki ase bon e ki apwopriye ase pou kliyantèl a bi non likratif yo pou peye pou yo.

• **Bay Anplwaye yo Espas pou yo Dirije**

Si te gen yon zam sekrè nan efò pou reyanime twazyèm sektè nan Amerik Latin ak Karayib la, se ta estaf LAC fondasyon an. Sa ka pa etonan, etandone biznis prensipal WKKF la se filantwopi. Men si pwogramasyon tan an se tout bagay, alòs kontribisyon estaf LAC yo pa ta kapab fèt nan pi bon moman pase sa.

Nan mitan ane 1990 yo, toude LAC a ak estaf pwogram Etazini an te gen yon bonjan konesans sou twazyèm sektè a. Filantwopi ak benevola (P&V) te lè sa a domèn pwogram pa li, e WKKF te yon lidè nasyonal nan domèn nan. Anreyalite, nan mwa Avril 1997, WKKF te esponnsorize yon Somè Prezidan sou Benevola nan Philadelphia, ke Jeneral Colin Powell te òganize, ak kote tout prezidan vivan Ameriken yo te prezan: Bill Clinton, George Bush, Sr. ak Jimmy Carter ansanm avèk tou Dr. William C. Richardson, prezidan ak direktè jeneral WKKF lè sa a, ak manm ekip pwogram P&V a. Aksè fondasyon an pou l jwenn resous ak rezo te nan pwen kilminan li etan travay nan twazyèm sektè LAC a te kòmanse.

E la a ankò, kontèks la enpòtan. Byenke lidè twazyèm sektè ki soti nan LAC a te aprann anpil apatide vizit yo nan peyi Etazini ak òganizasyon tankou Konsèy Fondasyon yo (Council of Foundations), konesans enpòte pa janm yon adaptasyon dirèk. Li nesesè pou yo rezime l, entèprete l, adapte l a nòm kiltirèl ak reyalite sosyo-ekonomik yo. E se sa a ke politik alontèm fondasyon an pou l anboche estaf pwogram yo ki soti nan peyi li desèvi yo, te pwouve valab. Lidè pwogram yo tankou Dr. Francisco Tancredi ki soti nan peyi Brezil, Andres Thompson ki soti peyi Lajantin, ak Dr. Marcos Kisil ki soti Brezil, te pote dè dizèn dane eksperyans pèsonèl ak pwofesyonèl pou etabli estrateji twazyèm sektè WKKF la. Sou tit "asistans teknik", yo te ofisyèlman ak defason ki pa ofisyèl bay konsèy, fè koneksyon, admonisyon ak enspirasyon pou ede yon jenerasyon òganizasyon twazyèm sektè vin etabli ak gen siksè.

Sibvansyònman poukонт li pat kapab maksimize yon tèl enfliyans ak asistans. Se pou te gen yon konesans pwofon de rezo yo, avèk tou yon konpreyansyon natif sou politik yo, istwa ak kilti pou nourì jande kwasans sa a. Ralph Waldo Emerson te di, "Yon òganizasyon se lonbraj pwolonje yon nèg." Nan Amerik Latin nan, lonbraj yo pwojte sou renesans twazyèm sektè a ka te lonbraj ekip pwogram LAC fondasyon an.



N ap Gade Pi Devan: Tranzisyon ak Nouvo Vi Apre Kriz

WKKF te deja nan mitan yon tranzisyon enpòtan avan tranblemannè mayitid 7.0 ki te frape Ayiti le 12 janvye 2010 la. Depi 2007, anba dirijans novo PDJ ak Prezidan Sterling K. Speirn, fondasyon an te refokalize vizyon l ak objektif pwogram li yo. Nouvo anfaz la se te sou timoun depi nan nesans rive laj 8 lane; geri rasis ak yon angajman pou pwogram ki baze nan kote yo. Etan travay la te kòmanse sou novo estrateji nan lane 2008, ekonomi ameriken te sibi pi move resesyon ki te genyen depi Gwo Depresyon an. Pandan tan sa a, ekip LAC a te nan mitan yon tranzisyon tou. Direktè reyjonal LAC a, ak pifò nan estaf pwogram senyò yo, te anonse anvansa plan pou pran retrèt yo disi mitan lane 2008.

Anvan yo te kite, ekip LAC a te dirije pwòp revizyon li avèk benefisyè sibvansyon yo, konsiltan yo, ekspè reyjonal ak lidè pansè yo. Yo te prezante dekouvèt yo a bay konsèy WKKF la, nan yon papye Janvye 2009 ki te gen kòm tit "Windows of Opportunity (Fenèt Opòtinite yo)". Li te pwopoze yon novo plan, ki te konsantre sou pwogram ki baze nan zòn nan twa mikwo-reydon: sid Meksik; senk peyi nan Amerik Santral la; ti investisman ann Ayiti ak nan Karayib la; e yo te kontinye pwogram ekite rasyal nan peyi Brezil. Estrateji a t ap vize kòz estriktirèl pòvrete a, sitou sa ki anrapò ak etnisite, sèks ak ras. Komite a apwouve plan an, epi ekip LAC a te reyòganize anba dirijans yon novo prezidan ak estaf. Kat pami senk biwo LAC yo te fèmen, epi ekip la te kòmanse travay li apatide yon gress biwo reyjonal nan Mexico City.

Depi 2010, WKKF te devlope yon novo teyori LAC sou chanjman, ansam ak yon novo fason pou travay. Kounyeya fondasyon an ta yon "envestisè angaje" olye pou l ta "donatè k ap obsève." Se te yon chanjman ki fèt grasa eksperyans ak pwogram inisyativ tankou UNI ak Gwoup Konplè yo. Estaf pwogram nan te konn itilize sibvansyon, investisman ki gen rapò ak pwogram ak lòt zouti pou ankouraje, pouse ak pwomouvwa kwasans benefisyè san l pa ankouraje depandans.



Yon evantyalite WKKF pat ka prevwa se te tranblemanntè ki te touye 250,000 ayisyen, blese 300,000 moun epi l kite plis ke yon milyon moun sanzabri. Alorijin, fondasyon an te planifye sibvansyon modès ann Ayiti ak nan Karayib la. Men poutèt kriz ki t ap dewoule a, yo sètoblije rele WKKF pou mande l restrenn estrateji pwogram li pou l konsantre sou zòd sid Meksik, Ayiti ak Brezil. Se te ladestine, otanke deliberasyon estratejik, ki te pouse chanjman yo. Men leson yo tire nan peryòd twoublan sa a pa mwen enstriktif.

Sou yon mwa, fondasyon an te gen yon ekip sou teren an ann Ayiti pou evalye kondisyon ki te genyen apre tranblemanntè a. Sepandan, WKKF pat kouri finanse efò èd dirèk yo, otan sa ta ka ankourajan sou plan emosyonèl. Donatè entènasyonal yo te deja

pwomèt \$13.5 milya dola pou èd pou Ayiti. An me 2010, ekip la te fè rapò bay konsèy la ke "nan mitan sitiyasyon kawotik sa a ak gwo pèt sou plan pèsonèl ak sou plan kolektif, malgre tou te gen yon santiman dezespwa ke dezas la te ka deklanche transfòmasyon pwofon ak yon opòtinite pou rekreye leta ayisyen ki kadik la." Konsèy la vin dakò pou l envesti nan devlopman Ayiti sou yon dire 10 lane, olye pou l "anvayi motè a" ak lajan sibvansyon akoutèm pou repare enstrikti yo.

**Lemond te voye dè milya
pou rebati enstrikti
fizik Ayiti kay, wout,
lopital, sistèm idwolik.
Mèzalò sa kèlke donatè
apade WKKF te konsidere
se te nesesite pou
amelyore enstrikti
òganizasyon ki pa travay
pou pwofi yo.**

Lemond te voye dè milya pou rebati enstrikti fizik Ayiti kay, wout, lopital, sistèm idwolik. Mèzalò sa kèlke donatè apade WKKF te konsidere se te nesesite pou amelyore enstrikti òganizasyon ki pa travay pou pwofi yo. E youn nan siy ki klè yo sèke gen anpil ONG Ayisyen ki pa gen mwayen teknik pou yo jere fon sibvansyon yo dirèkteman. Gen anpil ONG entènasyonal ki chwazi jere pwòp pwojè yo, kidonk yo itilize kontraktyèl entènasyonal ki te jiska senk fwa pi chè pase travayè lokal ke òganizasyon ayisyen yo te

anboche. Kanta WKKF, yon solisyon ki te pi bon se te envestisman li te fè yo pou l te ka batî kapasite òganizasyon ayisyen ki pa travay pou pwofi yo. Natirèlman, depi yo fin resevwa fòmasyon kòrèk la, y ap kapab desèvi peyi yo lontan apre ONG ki soti lòt kote mare pakèt yo ale lòt kote ki gen kriz. Byenke òganizasyon ki pa travay pou pwofi yo mwen tanjib pase wout asfalte oswa antèn telefòn selilè, òganizasyon sa yo gen tout enpòtans yo tou nan avni demokratik Amerik Latin ak Karayib la.

Etan l ap voye je l sou 2020 e pi lwen, l ap prepare l pou 9yèm deseni pwogramasyon LAC li, fondasyon an ka santi l alèz ak kalite envestisman li fè Meksik, Ayiti ak Brezil. Yo te batî pwogram yo dapre analiz yo te konkli selon leson yo te tire apre prèske 80 lane pwogramasyon nan rejyon an. Yon kad jewografik ki pi sere pral fasilité plis angajman bilateral ak pwogram finansman l yo. Yon apwòch ki pi sistematik pou kontwòl, evalyasyon ak aprantisaj pral pèmèt yo fè evalyasyon anyèl sou pwogrè ki ale alankont endis kle yo. Epi angajman alontèm WKKF nan rejyon an pral bay kont tan pou kreye kominate ki otonòm ki ka ankouraje bonjan kwasans ak devlopman pou timoun yo.

